«шәгма көлине ғарқ болыўы» бул лирикалық конфликттиң айдынласыўын аңлатады. Шайыр өзиниң усы сыяқлы көплеген қосықларында лирикалық қаҳарман образын жаратыўда контрастлы сүўретлеў, яғный лирикалық қаҳарманның ишки руўхый әлеми менен сыртқы дүньяны, орталықты қарама-қарсы қойыў тийкарында лирикалық конфликтти жүзеге келтиреди.

Жуўмақлап айтқанда, Әжинияз Қосыбай улының поэзиясы қайталанбас көркемлик қубылысларға толы. Оның лирикасының және бир өзгешелиги өзи жасап дөретиўшилик еткен дәўирге болған көзқарасларын сәўлелендириўде лирикалық конфликтти айрықша композициялық әмел сыпатында пайдаланыўы болып есапланады. Дәўирге ҳәм лирикалық қаҳарманның кеўил дүньясына, дүньятанымына тән болған қубылысларды метафоралардың жәрдеминде көркемлеп жеткереди. Метафоралар шайыр лирикасында көркем мазмунды эмоциональ жеткериў менен бирге лирикалық конфликтти жаратыў хызметин де атқарады. Лирикалық конфликт жаратыў көркем мазмунды сәўлелендириўдиң көркемлик усылларының бири болып, оны метафоралар арқалы байытып бериў шайырдың дөретиўшилик шеберлиги менен байланысады.

**Әдебиятлар**


1. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994.
2. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. –Нөкис: «Билим», 1997.
3. Ja’rimbetov Q.A’debiyattani’wdan sabaqlar. –No’kis: “Qaraqalpaqstan”, 2012.
4. Járimbetov Q., Sagidullaeva J. Ádebiyattanıw teoriyası. –Nókis: “Qaraqalpaqstan” 2020.
5. Пахратдинов Қ. Қарлыбаева Г. Әжинияз. Библиографиялық көсеткиш. –Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2014.
6. Шаззо К.Г. Художественный конфликт в лирическом произведении (А.Фет, А.Блок, Н.Бараташвили). https://cyberleninka.ru/article/n/hudozhestvennyy-konflikt-v-liricheskom-proizvedenii-a-fet-a-blok-n-baratashvili
7. Хомякова О.Р. Сюжет и конфликт в лирике, эпосе, драме. https: //bspu.by/blog/homyakova/article/lekcii/syuzhet- i-konflikt-v-lirike-epose-



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ адабиётининг мумтоз шоири Ажиниёз Қўсибой ўғлининг лирик асарлари ўрганилган. Шоир шеърларида лирик қаҳрамон образини яратишда лирик конфликтнинг иштироки таҳлил қилинади. Лирик конфликт орқали лирик қаҳрамоннинг ўзи яшаган даврга бўлган қарашларининг берилиши тадқиқ этилади. Лирик конфликт яратишда метафоралардан унумли фойдаланади. Метафораларнинг шеърдаги бадиий хизмати ва лирик конфликт яратишда тутган ўрни ўрганилади

**РЕЗЮМЕ.** В статье изучены лирические произведения классика каракалпакской литературы Ажинияза Косыбай улы. Анализируется роль лирического конфликта в создании образа лирического героя в стихах поэта. Исследуется, как через лирический конфликт передаются взгляды лирического героя на эпоху, в которой он жил. Особое внимание уделено использованию метафор в создании лирического конфликта. Исследуются художественная функция метафор в стихотворениях и их значение в формировании лирического конфликта.

**SUMMARY.** The article studies the lyrical works of the classic of Karakalpak literature Azhiniyaz Kosybayuly. The role of lyrical conflict in creating the image of the lyrical hero in the poet's poems is analyzed. It is investigated how through the lyrical conflict the views of the lyrical hero on the era in which he lived are conveyed. Special attention is paid to the use of metaphors in the creation of lyrical conflict. The artistic function of metaphors in the poems and their significance in the formation of lyrical conflict are studied.


## ӘЖИНИЯЗДЫҢ БАБАЛАРЫ КИМ БОЛҒАН?, БУЛ ҲАҚҚЫНДА БИЗ НЕ БИЛЕМИЗ?...

*(Жаңа илимий изертлеўлер)*


**М.М.Есебаев –** *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** тарих, этнография, шежра, мадраса, масжид, ахун, охун, эшон.
**Ключевые слова:** история, этнография, родословная, медресе, мечеть, ахун, ийшан.
**Key words:** history, ethnography, genealogy, madrasa, moaque, ahun, eshon.


Өткен әсир басларында Кеңес ҳүкимети алып барған репрессия ақыбетинде уллы ойшылларымыз болған Күнхожа, Әжинияз, Бердақ ҳәм тағы басқада бабаларымыздың мийнетлерин үстемлик етип келген марксистлик-ленинлик идеологияға сәйкеслендириў мақсетинде усындай ойшылларымыздың мийнетлерине берилетуғын баҳалар формасы менен мазмуны өзгерди. Олардың ҳақыйқый түсиниклерине жүзеки қарап, материалист яки өз заманының атеисти етип көрсетиўге дәлиллер изленди. Ҳәттеки, гейпара ойшыллардың социаллық шығысын бурмалап, кәмбағал дийхан шаңарағында туўылды, деген шынлыққа үйлеспейтуғын биймәни түсиниклерге исенип жүрилди.

Республикамыздың көрнекли мәмлекетлик ғайраткерлеринең бири, қәдирдан ақсақалымыз Қәллибек аға Камалов өзиниң «Ел хызметинде» мийнетиниң 445-бетинде өткен әсирдеги изертленген классиклеримиздиң өмирине байланыслы ҳақыйқатлыққа туўра келмейтуғын түсиниклерди көзде тутып былай деп жазады: «Дәўир сиясатына бойсындырыўнийетинде олардың тарийхый шығысын төменлетип жиберген. Мәселен, Жийен Жыраў айрым мағлыўматлар бойынша Хожа Ахмед Яссаўийдиң медресесинде оқыған. Олда шопанның баласы деп айтып жүр. Әжинияз Хийўа медресесинде оқыған, олда жылқыманның баласы яки Бердақ шайыр өз қосықларында: «Бухара менен Хорезимге саяхат жасадым» - дейди. Ол Қарақум медресесин питкерген. Буны да кәмбағал дийхан адам сыпатында көрсетпекши болды. Булар жүдә бай адамлардың балалары болмаған менен де бек яки руўханыйлар шаңарағынан шыққан болыўы мүмкин. Себеби өмир ҳақыйқатлығының өзи соны көрсетеди. Өз күнин зордан көрип отырған адамның бирден үлкен шәҳәрлерге қәрежет таўып барып оқып, данышпан ҳәм шайыр болып кетиўи исенимсиз… Олар өз дәўириниң алдыңғы адамлары болған. Олар диний медреселерди питкерген үлкен руўханый адамлар болған. Соның менен бир қатарда олар өз заманының алым адамлары саналған. Мәселен, Бердақ қарақалпақ халқының «Шежире» син жазған. Демек ол тарийхшы, Шежирени жазардан алдын көп дереклер менен танысқан, көп адамлар менен ушырасып, сәўбетлескен. Саўатсыз, интасыз әпиўайы дийхан адам қалай халқының тарийхын жазыўға қол ура алады?» [1:445].

Мийнет ийесиниң пикиринде жан бар, себеби басқа ойшылларымыз сыяқлы Әжинияздың әкеси Қосыбайдың да шаңарағы руўханый зиялы шаңарақ болып өзине тоқ бай, ел халқының арасында жақсы атақ, абыройға ийе инсан болған. Себеби ол өзине тоқ бай шаңарақ болмағанда Елмурат ахун өз қарындасын жарлы адамға бермеген болар еди. Себеби Елмурат ахун өз дәўириниң бай, оқымыслы зиялы ҳәм үлкен атақ абыройға ийе инсаны болған. Ол Бухара қаласындағы Мирараб медресесин питкерген жетик алымларының бири болған [2:33]. Усы көзқарастан қарасақ Әжинияздың әкеси Қосыбай да жарлы адам болмаған. Ол заманларда өзи менен теңлес адамлар қуда болып, бир-бири менен қыз берисип, қыз алысқан.

Усындай зыялы, оқымыслы, бай болыўы себепли оларды биз жоқарыда келтиргенимиздей Кеңес ҳүкиметиниң аяўсыз алып барған сиясаты себеп, олардың ҳақыйқый шығысын толық ҳеш ким тилине басып айта алмады. Өткен әсирдиң 1930-40-жыллары қарақалпақ әдебияты оқыўлықларына киргизиў ушын оларды «жарлы» ның баласы, «дийхан» ның баласы деп алынбаса оларды әдебиятларға киргизиў улыўма мүмкин болмаған. Егерде «ахун», «ийшан», «бай» болса буларды улыўма әдебиятқа киргизиў биржақта турсын, тиришилик етиўдиң өзи де қыйын болған. Уламаның, байдың әўлады деп үстиңнен мағлыўмат берсе болды репрессияға ушыраўың сөзсиз еди. Усындай аўыр сиясат себепли бизиң классик шайырларымыздың өмир жолы бузылып, бурмалап жазылды. Усы сиясаттан қорқып қалған Әжинияз бабамыздың урпақлары ата-бабаларына байланыслы ҳақыйқат мағлыўматларды усы күнге шекем сыр сақлап келген. Себеби усындай аўыр репрессия бабамыздың да урпақларында да болған.

Мениң, «Пайтахт» газетасының 2024-жыл 22-октябрь №31 (1401) санында Әжинияз шайырдың әўладларының хронологиялық шежиресиниң дүзилиўи ҳаққында мақалам жәрияланды. Жазыўшы А.Султанов усы мақала менен танысып, мени Әжинияз шайырдың әўладларының бири Нөкис қаласының турғыны Орынбаева Сырғагүл апа менен таныстырып үй мәнзилин берди. Ол, 1950-жылы туўылған, ҳәзир 74 жаста. Жасаў мәнзили Нөкис қаласы Мәжнүнтал көшеси, бурынғы Жданов көшеси № 37 жайда жасайды екен.

Сырғагүл апа Әжинияздың әкеси Қосыбайдың бабалары ҳаққында бурын баспа сөзде шықпаған, ҳеш жерде жәрияланбаған жаңа мағлыўматларды айтып берди. Бурын Әжинияздың өзиниң бабалары ҳаққында айтарлықтай мағлыўмат жоқ еди, бар болған мағлыўматлар да толық емес еди. «Қосыбайдың әкеси Балтабек, Балтабектиң әкеси Ақжигит» - деп ҳәмме оқыўлықларда, илимий мийнетлерде усындай етип берилип келди.

Бизиң жақында алған мағлыўматларымызға қарағанда Әжинияздың әкеси Қосыбайдың бабалары ҳаққында мынандай мағлыўматларды алдық. Таныстырамыз: Ең үлкен биринши бабасы Әбди, екиншиси Жәмил, үшиншиси Жапар деген болады. Бул бабалары өз дәўириниң саўатлы оқымыслы, абырой итибарлы адамлары болған деп мағлыўмат берди.

Жапардан Төре (Ақжигит, ҳәзирги әдебиятларда услай айтылады) бундай деп аталыўының себеби жеңгелери атын айта алмай «Ақжигит» деп қойған екен. Негизинде оның аты Төре екен. Төреден Балтеке, Қулеке, Қосеке деген үш баласы болады. Бундай ерсилеў ат қойылыўының себеби, алдыңғы балалары турмаған, өле берген соның усындай ерсилеў атларды қойған. Қосыбайдың әкесиниң аты (Балтабек) негизги аты Балтеке, Төрениң биринши баласы. Балтекеден Қосыбай туўылады бул тек бир бала болады. Ҳәзирги әдебиятларда, илимий мийнетлерде Қосыбайдың әкеси (Балтабек) деп айтылып келеди. Негизинде ондай емес екен ҳақыйқый аты «Балтеке» екен.

Төрениң екинши баласы Қулеке. Қулекеден Қаражан, Сейдан, Сейит ҳәм Қурбангүл деген үш ул бир қыз туўылады. Қулекениң биринши баласы Қаражан. Қаражаннан: Наўрызбай, Оразбай, Орынбай, Бағдагүл туўылады. Қаражанның баласы Орынбай, бизге мағлыўмат берип атырған Сырғагүл апаның әкеси.

Төрениң үшинши баласы Қосеке. Қосекеден Оразалы ҳәм Зийнеп деген бир ул, бир қыз туўылады. Зийнептен перзент болмайды. Қосекениң баласы Оразалы «ахун», «ийшан», «бай»дың баласы деп жала жабылып 1938-жылы қамаққа алынады. Бул ҳаққында анық мағлыўмат «Қарақалпақстанның жаңа тарийхы» китабында «ХХ әсирдиң 20-40-жылларындағы сиясий репрессиялар» деген темада, соның 244-бетинде толық мағлыўмат берилген. Мысалы: 1937-жылдың май айынан 1938-жылдың сентябрь айы аралығында 500 ге жақын басшы хызметкерлер қамаққа алынған. 1938-жылдың биринши ярымына шекем республикамызда «контрреволюцияшыл» хызмети ушын қамалған 2536 адам болған соның менен бирге және «контрреволюцияшыл-миллетшилер» деп жазыўшы-шайырлар ҳәм журналистлер қамаққа алынды. Жазыўшы-шайыр Сейфулғабит Мажитов, баласы Рахим Мажитов, Избасар Фазылов, белгили журналистлерден Хожан Абдихаликов ҳәм Оразалы Қосекеевлер қамалды [3:244].

Оразалы Қосекеевти 18 жылға судланған. Тюрмада Қазақстанда болған 18 жылда ақланып азатлыққа шыққан ҳәм аўылға аман қуўысқан. Оразалы Қосекеев Қарақалпақстанда биринши журналистлердиң бири болып жумыс ислеген, оның өмирлик жолдасы Амина Танташева миллети татар болады. Қарақалпақстанда биринши радио баслаўшысы (диктор) болып ислеген. Кийеўи қамалғаннан кейин олда қуўдалаўға ушырап дикторлық жумысынан шығарылады. Сол ўақытлары Республикамыздың пайтахты Төрткүл болған. Амина Танташева баласы Ринат пенен Төрткүлден Нөкиске көшип келген. Амина баласы Ринатты Пушкин мектепке оқыўға апарады, ҳүжжетлерин көрип халық душпанының баласын оқыўға ала алмаймыз деп қайтарып жибереди. Усыннан кейин Амина баласы Ринатты Танташев деп өзиниң фамильясына өзгертип алады. Оразалы менен Аминадан Ринат ҳәм бир қызлы болады, бирақ қызы қайтыс болып қалады. Кейин ўақытлар өтип Амина Танташева Хожелидеги балалар интернатының директоры болып ислейди. Сол ислеп жүрген ўақтында өлген қызының орнына интернаттан бир қыз сақлап алады. Оразалы тюрмадан келген ўақытта ол қыз 5-6 жасар болады. Қызды көрип мынаў кимниң қызы деп сорағанда, бизиң қызымыз деп жуўап береди, бирақ оған көпшиликтиң көзинше түсиндире алмайды, мен кеткеннен кейин басқа биреўден арттырғансаң деп өкпелеп Қоңыратқа Айгүл деген апасының үйине тыңламастан кетип қалады, соннан ара үзиледи қайтып Хожелиге бармайды. Оразалы Қоңыратта Камхоздың директоры болып ислейди, сол жерде бухгалтер болып ислейтуғын турмысы келиспей ажыралып келген Дәригүл апаға үйленеди, ол Сейфулғабит деген татар кисиниң қызы болады. Оразалы кейинги өмирлик жолдасы Дәригүлден Света, Полат деген бир қыз бир уллы болады. Олар ҳәзир Қоңыратта жасайды Света туўыў үйинде ҳамшира болып ислейди. Полат әкесиниң кәсибин ийелеп қалады.

Мен, Сырғагүл ападан Әжинияздың өмирин арнаўлы изертлеген илимпаз филология илимлериниң докторы Қ.Байниязовтың бул ўақыялардан хабары барма деп сорағанымда «аўа хабары бар еди» - деп жуўап берди. Себеби ол изертлеп жүрген ўақытағы советлик идеология күшинде болғаны ушын ашық айдын жаза алмады. Бир жағынан репрессиядан қорқып қалған бабамыздың урпақлары Қ.Байниязовқа жарлының баласы, орта ҳал хожалық болған деп жазыўды илтимас еткен ҳәм өзи де буннан батылып жаза алмаған, сол себепли Төрени «Ақжигит», Балтекени «Балтабек» деп өзгертирип жаздырған. Себеби Қ.Байниязовтың мийнетлерин оқығанымызда Әжинияз бабамыздың туўған-туўысқанлары, ағайинлери менен сәўбетлескени ҳаққында мақалалары ҳәм «Қосықтың күши» деген илимий мийнети бар. Мени де көп ойландырып жүрген мәселелердиң бири усы еди, себеби Қ.Байниязов бабаның әўладлары менен сөйлесип көп мағлыўматлар алған, соған қарап менде Қ.Байниязов Қосыбайдың бабалары ҳаққында неге жазбаған деген саўаллар болар еди. Бул

мағлаўматлардың сыр тутылғанының бирден бир себеби Қосекеев Оразалының репрессияға ушыраўы баслы себеби болған екен. Бул болып өткен тарийхый ўақыялар, бир мақалаға жайласпады, биз тийкарынан Әжинияздың бабаларына тоқтадық, олардан өнип өскен урпақлары көп екен, биз бул ҳаққында китабымызда жәриялаймыз деген үмиттемиз.

Жуўмақлап айтқанда усындай өткен әсирдеги большевиклердиң надурыс алып барған сиясатының жәбирин жазықсыз инсанлар тартты, олардың шаңарағының тынышлығын, аўызбиршилигин бузды, руўхый, зыянын тийгизди. Бул репрессия биринши гезекте жазықсыз саўатлы халыққа ҳадал хызмет етип атырған инсанлар ушын болса, екинши гезекте араб, парсы тилинде жазылған халқымыздың бай әдебий мийрасын, руўхый, мәдений қәдириятларын жоқ қылыўға қаратылды. Сол себептен бизиң бай әдебий мийрасымыз ҳәм мәдений мийрасларымыз сақланып қалынбады, бизге толық жетип келмеди. Бул мийраслардың сақланып қалыныўында тийкарынан жыраўлар, бақсылар, қыссаханлар ҳәм халықтың ишинен шыққын қатықулақ инсанлардың хызметлери оғада уллы ҳәм айрықша орынды ийелейди.

**Әдебиятлар**


1. Камалов Қ. Ел хызметинде. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995. 445-б.
2. Байниязов Қ. Қосықтың күши. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977. 33-б.
3. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2003. 244-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Ажиниёз Қўсибой ўғлининг келиб чиқиши ва ота-боболари бўйича тадқиқот натижалари акс етган. Бу тадқиқот ишлари қорақалпоқ адабиёти тарихида катта янгилик ҳисобланади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье отражены результаты исследования происхождения и предков сына Ажинияза Косибоя. Эти исследовательские работы являются большим новшеством в истории каракалпакской литературы.

**SUMMARY.** The article reflects the results of research on the origin and ancestors of the son of Ajiniyaz Kosiboy. These research works are a great innovation in the history of Karakalpak literature.


## ÁJINIYAZ QOSÍBAY ULÍNÍŃ TÚRKIY XALÍQLAR ÁDEBIYATÍNDA TUTQAN ORNÍ


**S.Kazaxbaev –** *filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), docent*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** Yunesko, estetika, poeziya, turkiy xalqlar adabiyotı, olim, innovatsiya.

**Ключевые слова:** Юнеско, эстетика, поэзия, литература тюркского народа, наука, инновация.

**Key words:** Yunesko, aesthitic, poetic, literature of Turkic peoples, scholar, innovacion.


XIX ásir qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń maqtanıshı, jarıq juldızı, ullı filosof, shayır, pedagog Ájiniyaz Qosıbay ulınıń tuwılǵanına 200 jıl tolıw merekesin belgilew Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev baslaması menen Yuneskonıń xalıqaralıq yubileyler ótkeriw rejesine kiritiliwi hám Prezidentimizdiń 2024-jılı 16-iyuldegi "Belgili qaraqalpaq shayırı, oyshıl Ájiniyaz Qosıbay ulınıń tuwılǵanınıń 200 jıllıǵın keń belgilew haqqında"ǵı PQ-258-sanlı qararı qabıl etilgen edi. Usı qararǵa tiykarlanıp Qaraqalpastan Respublikası Joqarǵı Keńesi, Qaraqalpastan Respublikası Ministrler Keńesi, Qaraqalpastan Respublikası Joqarı Bilimlendiriw, Ilim hám Innovaciyalar ministrligi, Túrk Akademiyası, Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası, Qaraqalpastan Bólimi, Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Berdaq atındaǵı Nókis mámleketlik universiteti, Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, Tashkent qalasında Alisher Nawayı atındaǵı Ózbek tili va adabiyoti universitetinde, Alisher Nawayı atındaǵı Mámleketlik Akademiyalıq úlken teatrda ulıwma aytqanda Ózbekstan hám Qaraqalpastan Respublikası kóleminde XIX ásir qaraqalpaq klassik shayırı Ájiniyaz Qosıbay ulınıń tuwılǵanına 200 jıllıǵına baylanıslı Respublikalıq hám Xalıqaralıq konferenciyalar ótkerildi. Bul konferenciyalarǵa Orta Aziya xalıqları menen birgelikte Túrkiy xalıqlarınıń belgili professor, akademikleri hám ózleriniń bayanatları menen qatnastı. Olardan Shain Majidovich Mustafaev (Túrk Akademiyasınıń prezidenti), Abdıldajan Akmataliev (Qırǵız Respublikası Milliy ilimler akademiyasınıń Sh.Aytmatov atındaǵı til hám ádebiyat institutı), Huseyn Yildirim (Túrkiya Xadji Bayram Vali universitetiniń professorı), Mammedov Nizami Tagii oglu (Baku slavyan universiteti, Ázerbayjan milliy ilimler akademiyası Folklor Institutı ilimiy xızmetkeri), (PhD) Shábnám Mámmádli, (Muxammed Fizuliy atındaǵı qol jazbalar institutı ilimiy bóliminiń bas qánigesi), Názákát Mámmádli f.i.d. qatnastı.
Sonıń menen birge Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutında Ájiniyaz Qosıbay ulınıń muzeyi 2024-jıl 15-noyabr kúni shólkemlestirildi. Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı rektorı Qadirov Quvondiq Aytbaevich, f.i.d., professor N.Mámmedov, Shábnám Mámmádli, f.i.d. N.Mámmádli, professor Huseyn Yildirim, ilimpaz A.Akmataliev sıyaqlı bir qatar ilimpazlar qatnasıqında Ájiniyaz Qosıbay ulınıń muzeyiniń saltanatlı ashılıw máresimi bolıp ótti.

Bul ilimpazlar Túrkiy tilles xalıqlardıń sonday-aq, arab, parsı hám túrkiy tillerin tereń ózlestirgen shayır ekenligin atap ótken bolsa, qaraqalpaq poeziyasın janrlıq hám kórkemlik jaqtan bayıtıwı, tereń sawatqa iye bolıwı menen Xiywanıń Sherǵazı xan medreselerinde tálim alıwı menen baylanıslı ekenligin, shayırdıń XIX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornın joqarı bahaladı.

Qaraqalpaq xalqınıń klassik shayırı Ájiniyaz Qosıbay ulınıń tuwılǵanına 200 jıl tolıw múnásibeti menen shayır shıǵarmalarınıń túrk tilindegi toplamı Túrkiya Respublikasınıń Stanbul qalasında 2024-jıl baspadan shıqtı. Shayırdıń shıǵarmaları Túrk akademiyasınıń professorı, filologiya ilimleriniń doktorı Huseyin Yildirim tárepinen túrk tiline awdarılǵan, onda Ájiniyazdıń ádebiy miyraslarınıń túrkiy ádebiy estetikalıq oy dúnyasındaǵı tutqan ornı, dúnya xalıqlarınıń shayır shıǵarmalarına bolǵan itibarı hám ıqlası, qaraqalpaq jurtına bolǵan jıllı sezimler beriledi. Kitap ózine tán kompoziciyaǵa iye bolıp kiris sózde Huseyin Yildirimnıń qálemine tiyisli «HAJINIYAZ» (Ájiniyaz) atlı qosıq berilgen. Toplamda Ájiniyazdıń ómirbayanı, shayırlıq sheberligi haqqında maǵlıwmatlar keltirilgen hám qosıqlarına poetikalıq tallawlar islengen. Ájiniyaz shayırdıń 100 den ziyat dóretiwshilik miyrası túrk tiline awdarılıp, bul qosıqlar tematikalıq baǵdarları boyınsha toparlarǵa jiklep berilgen. Olar: «El-jurt haqqındaǵı qosıqları», «Watan saǵınıshı haqqındaǵı qosıqları», «Xoshlasıw hám sálem qosıqları», «Aqıl-násiyat qosıqları», «Ótkinshi dúnya haqqındaǵı qosıqları», «Ayralıq haqqındaǵı qosıqları», «Memuarlıq mazmundaǵı qosıqlar» hám «Aytıslar». Sonday-aq, Ájiniyaz qosıqlarınıń qaraqalpaq hám túrk tillerinde qatar beriliwi ilim izertlewshileriniń shayırdıń eki tildegi qosıqların salıstırmalı úyreniwi ushın imkaniyat jaratadı.

Ázerbayjan milliy ilimler akademiyası Nizamiy Ganjawiy atındaǵı ádebiyat institutı tárepinen 2020-jılı Ájiniyaz Qosıbay ulı shıǵarmalarınıń toplamı ázerbayjan tilinde baspadan shıqtı. Ájiniyaz shıǵarmaları f.i.d. prof, N.Mámmedov Taǵısoy hám PhD doktor Sh.Mámmádli tárepinen ázerbayjan tiline awdarılǵan. Kitaptıń kirisiwinde Ájiniyazdıń ómir jolı, qosıqlarınıń ideya-tematikalıq janrı, poetikalıq ózgeshelikleri, obrazlar dúnyası, shayırdıń